CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९३

१२ ।१० ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## मानव विकास सुचकांकमे नेपाल

### प्रदेश अनुसार



| | |
|---|---|
| ०.५४७ | सुदूरपश्चिम प्रदेश |
| ०.५३८ | कर्णाली प्रदेश |
| ०.५६३ | लुम्बिनी प्रदेश |
| ०.६१८ | गण्डकी प्रदेश |
| ०.६६१ | बागमती प्रदेश |
| ०.५१ | प्रदेश २ |
| ०.५८ | प्रदेश १ |

### भौगोलिक क्षेत्र अनुसार

| | |
|---|---|
| ०.५६३ | तराई |
| ०.६२३ | पहाड |
| ०.५६४ | हिमाल |



समग्रमे नेपालके मानव विकास सुचकांक

०.५८७



स्रोत: https://www.npc.gov.np/images/category/NHDR_2020_-_Final_-_TheSquare_compressed_final1.pdf

## नेपाल अपडेट



सेवा प्रवाहमे अबेर भेलै कहिक मालपोत कार्यालय सुर्खेतमे सेवाग्राहीके नाराबाजीसहित प्रदर्शन ।

चित्र: दिनेश गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २०,४८,११३

पोजेटिभ: २,६९,७८९

उपचाररत: ३२४०

मृत्यु : २०११

सन्चो भएका : २,६४,५३८






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार पहिल चरणमे माघ १४ गतेसँ खोप लगाब शुरु करब कहने छै । फेर पहुँच भेलसभके मात्रे त भेटतै नै ?

लक्षित समुहके मात्रे भेटल सुनिश्चित करके लेल सम्बन्धित संस्थाके खोप लगाबवला आदमीके सूची सार्वजनिक करके प्रावधान रहल छै । खोप केन्द्र रहल संस्थाके प्रमुख आ स्वास्थ्य कार्यालय प्रमुखके ओई बातके सुनिश्चितता कर परत । अईके अनुगमन जिला कोभिड - १९ खोप समन्वय तथा अनुगमन समिति समेत करतै । अई सँ खोपके दुरुपयोग होब नै देतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/6jMcEhi



आब सब सरकारी सेवा "नागरिक एप" सँ लऌसकैत छी कहादन । केहन सेवा सभ लेब पाएब ?

नागरिकसभ "नागरिक एप" सँ प्यान कार्ड सम्बन्धी आवेदन कऌक प्यान नम्बर प्राप्त कर सकैत छी । अई एप मार्फत नागरिकता, राहदानी, शैक्षिक प्रमाणपत्र आ मतदाता परिचयपत्र विवरण सेहो प्राप्त कर सकब । तहिना कऌक, नागरिक लगानी कोष, सञ्चयकोष आ सामाजिक सुरक्षा कोषके खातामे जम्मा भेल पैसा आ ऋणके जानकारी सेहो लेब सकब । संगसंगे, हेलो सरकारमे शिकायत करके व्यवस्था सेहो अई एपमे मिलाएल गेल छै । अईके लेल अपन नाममे दर्ता भेल मोवाईल नम्बरके आधारमे नेपाल टेलिकम आ एनसेलके सिम मार्फत एपके प्रयोग कएल जा सकैय ।

स्रोत:https://mocit.gov.np/categorydetail/20771002a



इजरायलमे आब नेपाली श्रमिकके सेहो इजरायलके नागरिक सरह सेवा सुविधा भेटतै कहादन ।

आब इजरायलमे नेपाली श्रमिकके सेहो स्थानीय श्रमिक सरह सेवा सुविधा पाबवला भेल अछि । नेपाल आ इजरायल बीच भेल श्रम सम्झौताके "कार्यान्वयन शिष्टाचार" मे हस्ताक्षर करैत नेपालके लेल ईजरायलके खनान गोडेर नेपालसँ इजरायल जायवला श्रमिकके कोनो भी भेदभाव नै करब आ नेपाली श्रमिकके ईजरायलके नागरिके जेना सेवा सुविधा देबके व्यवस्था केने सेहो बतौलैन । नेपाली श्रमिक लऌजायके लेल नेपाल आ इजरायलबीच बितल आश्विन १४ गते श्रम सम्झौता भेल छलै । ओही सम्झौता अनुसार कार्यान्वयन शिष्टाचारपर हस्ताक्षर भेलैय ।

स्रोत: http://moless.gov.np/?p=3846



निर्वाचन आयोगसँ निर्वाचन सम्बन्धी सचेतना अभियान सामाजिक सञ्जालके माध्यमसँ करब कहने छै । नेपालके आधा जनसंख्या सेहो ईन्टरनेटके पहुँचमे नै छै त ?

हँ नेपालमे ईन्टरनेटके प्रयोग आ पहुँचके ध्यानमे राखक निर्वाचन आयोगसँ निर्वाचनमे सामाजिक सञ्जालके प्रयोग सम्बन्धी नीति, २०७७ अनने छै । सन् २०२० के शुरुके आंकडा देखबै त, विश्वमे इन्टरनेट प्रयोगकर्ताके जनसंख्या विश्वके कुल जनसंख्याके करिब ५९ प्रतिशत छै । नेपाल दूरसञ्चार प्राधिकरणके प्रतिवेदन २०७६ अनुसार नेपालमे इन्टरनेट प्रयोगकर्ताके संख्या कुल जनसंख्याके ६७.२३ प्रतिशत छै । वर्तमान परिवेशमे सामाजिक सञ्जालके बहुते आदमीसभ पसन्द केने आ निर्वाचनके गतिविधी तथा सूचना प्रवाहमे सामाजिक सञ्जाल प्रभावकारी आ विश्वसनिय माध्यम देखेला सँ सेहो निर्वाचन आयोग ई अवधारणा के आगु अनने छै ।

स्रोत: https://www.election.gov.np/uploads/content/1606669081_np.doc

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे **+2760806146** एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे **Nepal** लिख्क म्यासेज पठाउ




**COVID-19**
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
**३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६६,३७१ संक्रमित | १,६१,२८५ संक्रमित | ९९,९१७ संक्रमित | १,४९,०१९ संक्रमित | २,७७,९५५ संक्रमित | १,३३,०४४ संक्रमित | १,८३,८०१ संक्रमित | ७५,५२१ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## साउदी अरब, यूएई, कुवेतके अलगे अलगे समाचार

### साउदी अरब

- नेपाली दुतावाससँ आगामी ५ फेब्रुअरी २०२१ मे दमाममे राहदानी आवेदन (फोटो खिचनाई, औंठा छाप, हस्ताक्षर ईति) संकलनके लेल अस्थायी कार्यालय सञ्चालन कर लागल छै ।
- दमाम, जुवेल, अलहासा, रास्तानुरा, खोबर, कतिफ एवं ओई क्षेत्रके आसपासके जगह पर रहल नेपालीसभके राहदानीके लेल https://forms.gle/pryfMdChxs2QHCPi6 मे जालक अनलाईन फारम भैरक आवेदन देब सकैत छी ।
- राहदानीके म्याद ६ महिना सँ कम रहल सभ मात्रे आवेदन देब सकै छी ।

### यूएई:

- आबुधावी संसारके उत्कृष्ट शहरमे परल छै । संगे दुबई आ शारजाह उत्कृष्ट १० शहर भितर परल छै ।
- फाईजर खोपके विश्वव्यापी अभावके कारणसँ पहिल खोप लेगेने सबके समयमे दोसर खोप लगाब नै पाबके सम्भावना भेला सँ फेर निर्धारित कर परत से बात जनाओल गेल छै ।
- जनवरी २७ सँ शुरु भलक दोसर सूचना नै आब तकके लेल सामाजिक जमघटमे १० कोई सँ बेसी सहभागि नै पाएब ।

### कुवेत:

- सब आप्रवासीसभके देलगेल नागरिक परिचयपत्र रद्द कलक सबके आवासिय कार्ड देल जेतै ।
- एकटा हवाईजहाजसँ ३५ कोई सँ बेसीके आनल नै जालसकैय ।
- जनवरीके बाद अवैधानिक आप्रवासीसभके लेल चेक जाँच कडा बनाओल जेतै ।
- कुवेतमे अखन बहुते ठंढा छै । ई ठंढी आरो किछ समय रहल सकलाके कारण सुरक्षा अपनाब आग्रह कएलगेल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

**औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण**
रु. १,७५,५२,४०,०००

**क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन**
रु. ४,६९,४६,०००

**स्वास्थ्य बीमा**
रु. २,९३,८८,९६,०००

**अन्य**
रु. १,२४,७३,०००

**मानव स्रोत साधन परिचालन**
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च



# दोसरके देखासिखीमे वैदेशिक रोगजारीमे गेला सँ दु:ख पेलौ




संगीसभके देखासिखीमे हम पहिल बेर वैदेशिक रोजगारीमे मलेसिया गेलौ । दू वर्षतक विजलीके कम्पनीमे काम केलौ । महिनाके ६० हजार नेपाली रुपैयाँतक कमाई छलौ । ओही मे सँ हम किछ पैसा बचत केलौ । ओही समयमे नेपालमे भूकम्प गेलै । तेकर बाद हम नेपाल फिर्ता एलौ । मलेसियासँ फिर्ता एलाके बाद किछ काम करके योजना बनाबैत छलौ । अचानक हमर मुह सँ आवाज एनाई बन्द भऌगेल । हम विखलबन्दमे पैर गेलौ । ईलाज कराबके लेल नेपाल भैर दौडधूप केलौ । चिकित्सक, आर्युवेदिक सब प्रकारके ईलाज शुरु केलौ । लेकिन, हमर आवाज नै आयल । हम आवाज नै आबितो काम लेकिन कऌरहल छलौ । गाडी चलाब समेत सिख लगलौ । सवारी चालक अनुमती पत्रके लेल लिखित र ट्रायल पास केलौ । लेकिन, हम बाज नै सकलाके कारण अनुमति पत्र नै देबके बात भेलै । बादमे, हम आँईख बढिया सँ देख आ काम बढिया सँ सुन सकलाके कारण सँ हम अनुमति पत्र पेलौ । अनुमति पत्र भेटलाके किट महिनाके बाद हम आवाज सेहो आब खुलल ।

तेकर बाद काभ्रेके रविओपीके दलाल मार्फत भिजिट भिषामे दोसर बेर वैदेशिक रोजगारीमे दुबई पुगलौ । ओत कहल जेहन काम नै भेलै । हम किछ महिना प्रतिक्षा केलौ । हमर पैसा सेहो फैस गेल । हम ओत रहिक हल्का गाडीके अनुमति पत्र निकाललौ । ओत स्विमिङपुलमे उद्धारके काम केलापर बढिया पैसा एला सँ हम ओकर प्रशिक्षण लऌक काम कर लगलौ । किछ महिना काम केलाके बाद हमरा लऌक जायवला दलाले हमरा अपहरणके मुद्दामे पकरा देलक । बिना अपराध करिब ९ महिना ओतके जेलमे रहला विवश भेलौ । नेपालमे रहल संघसंस्थासभके सहयोग आ परिवारके सहयोगमे ९ महिनाके बाद हम नेपाल आब सफल भेलौ । हमरा नेपाल फिर्ता आन नागरिक सहयोग केन्द्र (अखन नागरिक कार्य समुह) विशेष सहयोग केने छल ।

नेपाल फिर्ता एलाके बाद हमरालग किछ नै छल । लेकिन, हाथमे कला छल । गाडी चलाब सकलाके कारण सँ हम किछ लगानी कऌक पुरान गाडी किनलौ । उहो बढिया नै होब सकल । किछ समय ओहिना रहलौ । बन्धुबान्धवके आग्रह केलाके बाद फेरो गाडी चला रहल छी । मासिक ३० हजार कमाईत छी । अहि सँ हमर परिवार बढिया सँ चलल छै । देखासिखी विदेश नै जायके चाही से सोचिक पश्चाताप लगैय । दोसरके सेहो देशेमे श्रम कर सल्लाह दै छियै ।

**बिपिन दाहाल,**
*बनेपा, काभ्रेपलाञ्चोक*

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## तेज वली

फोकल पर्सन, जिल्ला कोरोना व्यवस्थापन समिति, बाँके

"हमरसभके समुह कोराना सचेतनाके लेल एकटा गाँम सँ काम खतम कलक फिर्ता आबकालमे रस्तामे बड्का पानी परलै । ओत लगाबके लेल नजिकके एकटा घरमे पहुँचलौ । ओत पहुँचलापर घरके सदस्यसभ पानी सँ बचाबके लेल जानवरके घर भितर लळजारहल छलै । हमसभ अँगनामे पहुँच कळ ओत लागके लेल जगहके लेल आगह केलौ । हमसभ कळरहल कामके बारेमे बुझलाके बाद हमरासभके ओत लागके लेल जगह देबके सट्टा अँगनाके आसपास नै रहके लेल कहलक । हमरासभके जानवरो सँ नीच दर्जाके व्यवहार कळरहल देखलापर बहुते दु:ख लागल छल । तेकर बाद हमरसभके समुह किछ समय गाँछके नीचा ओत लागलौ आ फिर्ता एलौ । "

## नागेन्द्र कुमार साह

स्वास्थ्य सह-संयोजक, नरैनापुर गाउँपालिका, बाँके



"नरैनापुर गाउँपालिका शुरुके दिनमे कोरोनाके बेसी जोखिममे छलै । कोरोनाके बारेमे पर्याप्त ज्ञान नै भेल आ क्वारेन्टाइनमे एक नौजवानके जान गुमलाके कारण एतके नागरिकसभ संक्रमितसभके सेहो एकान्तवास मे नै लजाय देलक । किन्हको संक्रमण देखेलाके बाद स्थानीयसभ अपने संक्र( मितके नुकाय मे सहयोग केलक । जखन एकान्तवासमे रहल ३ कोई स्थानीय संक्रमण मुक्त भळक घर फिर्ता गेल, तेकर बाद समाज सेहो एकरा सामान्य रुपमे लैत गेलै आ सहयोग सेहो भेट लागल । शुरुमे चुनौतिपूर्ण भेलाके बावजुदो सब सम्बन्धित पक्षके सहयोग सँ हमसभ धिरे धिरे सामान्य अवस्थामे एलौ । "



## जागेश्वर बस्नेत

जनस्वाथ्य निरीक्षक, नेपालगञ्ज उप-महानगरपालिका, बाँके

"कोरोनाके शुरुवातसंगे जनमानसमे जै प्रकारके प्रचार प्रसार कएल गेलै, तै के कारण सँ सेहो अई क्षेत्रमे काम केला सँ समाज सँ सेहो दूव्यवहार सह परल । हमर घर जायबला रस्तामे पडोसीके डोरी बन्हलाके कारण  ३/४ दिन तक घर जाय नै पेला सँ नगरपालिकाके सहयोग मे होटल मे रह परल तीत अनुभव सेहो हमरालग अछि । लेकिन, खतरनाक समयमे सेहो भेटल जिम्मेवारीके कुशलत( ापूर्वक निर्वाह केला सँ हम लागल पेशा प्रति गर्व लगैय । "

accountabilitylab NEPAL

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती तालिका



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती

संरचना सबैका लागि

| प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती | गण्डकी | लुम्बिनी | कर्णाली | सुदूरपश्चिम |
|---|---|---|---|---|---|---|
| सप्तकोशी एफएम | रेडियो जनकपुर | हेटौडा एफएम | अन्नपूर्ण एफएम | बुटवल एफएम | प्रदेश एफएम | दिनेश एफएम |
| हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे | हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक आइतबार बिहान ८:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:३० बजे | हरेक सोमबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे |
| पुन: प्रसारण हरेक बिहिबार बेलुका ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बिहान ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार बेलुका ७:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक सोमबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार दिउँसो २:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक आइतबार बेलुका ९:०० बजे |

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

**Civic Action Teams**

**https://soundcloud.com/accountability_lab**

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219